

Catch the Latest Advice

[health.ny.gov/fish](http://health.ny.gov/fish)

**KAT JEYOGRAFIK  
LA ANDEDAN**

# Hudson River

**Konsèy Sante sou Konsomasyon  
Pwason Ou Peche**



## Konprann Rekòmandasyon an

Hudson River ofri ekselan opòtinite pou lapèch nan dlo dous ak nan dlo sale ant sous Adirondack ak dlo sale Upper Bay Vil Nouyòk. Hudson River gen repitasyon li tou paske li klase mondyalman pou lapèch pwason striped bass. Malerezman, gen yon pwodui chimik ki rele poliklowobifenil (polychlorinated biphenyls, PCB) ki te afekte rivyè a. Konsomasyon pwason ki soti nan Hudson River ka yon pwoblèm paske pwason yo ka gen plizyè milye fwa plis PCB pase dlo yo ap viv ladann nan. Swiv konsèy la pou jwenn avantaj ki genyen nan konsome pwason pandan w ap diminye risk ekspozisyon w ak pwodwi chimik yo.

### Ki moun ou ye



Moun ki ka ansent (mwens pase 50 lane) ak timoun ki gen mwens pase 15 lane ta dwe evite manje nenpòt ki pwason ki soti nan Hudson River. Yo fè pati Popilasyon Sansib la nan tablo rekòmandasyon nou yo.

Pwodui chimik ki nan pwason kapab fè yon pi gwo efè sou devlopman timoun ak tibebe. Anpil nan pwodui chimik sa yo kapab rete nan kò a pandan plizyè deseni. Moun ki manje pwason ki kontamine anpil epi ki vin ansent, ka gen plis risk pou fè timoun ki pi lan pou devlope ak aprann. Kèk pwodui chimik kapab antre nan kò yon timoun atravè lèt tete a.



Tout lòt moun ka gen mwens risk sante lè yo manje pwason. Yo fè pati Popilasyon Jeneral la nan tablo rekòmandasyon nou yo.


### Kisa w peche



Chak pwason gen rekòmandasyon espesifik sou kantite pou manje.

Kèk espès pwason gen nivo pwodui chimik ki pi plis pase lòt, menm si yo peche yo nan menm dlo yo. Pwason ki pi piti yo konn gen mwens pwodui chimik tankou mèki ak PCB yo pase pwason ki pi gwo, ki pi aje nan menm espès la.

## Kote w peche




Konsèy sou konsomasyon pwason ki soti nan Hudson depannde ki kote ou peche nan rivyè a. PBC yo te pi afekte Upper Hudson ant Hudson Falls ak Troy. Zone sa a se yon zòn pou “Pa Pran Pwason. Pa Kenbe Pwason” kote li obligatwa pou remete pwason yo nan dlo a lè w fin trape yo. **An jeneral, pwason ki soti nan Lower**

**Hudson (sid Catskill) kontamine mwens.** Popilasyon Jeneral Pechè ki gen plan pou konsome pwason striped bass yo ta dwe planifye pou yo peche nan Lower Hudson (Rip Van Winkle Bridge nan Catskill rive nan NYC Battery) kote pwason yo kontamine mwens.

## Branch ak lot kote pou peche

Rekòmandasyon Hudson River a aplikab tou pou branch li yo ak dlo li konekte yo si pa gen baraj, chit oswa baryè pou anpeche pwason an remonte kouran an. Sa se paske pwodui chimik yo rete nan pwason an lè yo ap deplase soti nan yon mas dlo pou ale nan yon lòt.

Kat jeyografik detaye yo disponib e yo endike konsèy sante pou dlo ki aksesib pou piblik la nan anpil konte. Kat sa yo itilize kodaj koulè pou mete aksan sou dlo ki konsène pa rekòmandasyon nou yo onivo nasyonal, rejyonal (Catskill ak Adirondack) e onivo espesifik epi montre kijan rekòmandasyon yo aplike nan branch yo. Kat sa yo se yon gid vizyèl, rapid ki ka ede moun fè pi bon chwa sou ki kote pou yo peche pou yo nourri tèt yo onivo lokal. Chache yo sou entènèt: [www.health.ny.gov/fish/maps.htm](http://www.health.ny.gov/fish/maps.htm).









1 repa pwason

filè 8 ons































**Anlè nan South Glens Falls Dam**  
 Ale sou [www.health.ny.gov/fish](http://www.health.ny.gov/fish) pou jwenn konsèy sa a oswa gade bwochi Northern Hudson River la.

**Upper Hudson**  
 Soti nan South Glens Falls Dam rive nan Federal Dam nan Troy  
 Pa manje pwason ki soti nan South Glens Falls Dam rive nan Federal Dam nan Troy.  
 Soti nan Baker's Falls rive nan Federal Dam nan Troy, règleman "peche epi relage" Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta New York la aplike.  
**Pa Pran Pwason. Pa Manje Pwason.**

<b>Mid Hudson</b> Soti nan Federal Dam nan Troy rive nan Rip Van Winkle Bridge nan Catskill	 Popilasyon Jeneral	 Popilasyon Sansib
 Alewife  Blueback herring  Rock bass  Yellow perch	<p><b>1</b> repa/mwa</p>	<p><b>0</b> PA MANJE</p>
Tout lòt pwason ki soti nan Mid Hudson (ki gen ladan pwason Striped bass ak Walleye)	<b>0</b> PA MANJE	<b>0</b> PA MANJE

Popilasyon sansib la fè referans ak moun ki ka vin ansent (ki gen mwens ke 50 lane) ansanm ak timoun ki gen mwens ke 15 lane yo. Popilasyon jeneral la fè referans ak tout lòt moun yo.



<b>Lower Hudson</b>						
Soti nan Rip Van Winkle Bridge nan Catskill rive nan NYC Battery			Popilasyon Jeneral	Popilasyon Sansib		
 Brown trout	 Rainbow trout	 Yellow perch	<b>4</b> repa/mwa	<b>0</b> PA MANJE		
 Bluegill	 Pumpkinseed/Sunfish	 Black crappie				
 White sucker	 Rock bass	ak tout lòt pwason ki pa nan lis la				
 Striped bass	 Smallmouth bass	 Largemouth bass			<b>1</b> repa/mwa	<b>0</b> PA MANJE
 Bluefish	 Brown bullhead	 White perch				
 Goldfish	 Carp	 Freshwater drum				
 Chain pickerel	 Atlantic needlefish	 Northern pike				
 Blue crab			<b>6</b> krab/semèn	<b>0</b> PA MANJE		
Pa manje tomalley ("bagay vèt", moutad, epatopankreyas) oswa reyitilize dlo ki kwit manje						
 Walleye	 White catfish	 Channel catfish	<b>0</b> PA MANJE	<b>0</b> PA MANJE		
 American eel*	 Gizzard shad					
*Règleman DEC entèdi pran Ameriken eel nan Rivyè Hudson pou manje						

Popilasyon sansib la fè referans ak moun ki ka vin ansent (ki gen mwens ke 50 lane) ansanm ak timoun ki gen mwens ke 15 lane yo. Popilasyon jeneral la fè referans ak tout lòt moun yo.



## Pwojè Sansibilizasyon sou nan Pwason Hudson River

Pwojè Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health, NYS DOH) pou Sansibilizasyon sou Pwason nan Hudson River ede pechè yo ak lòt moun ki manje pwason ki soti nan Hudson River yo konnen, konprann epi swiv konsèy yo. Pou aprann plis sou pwojè a ale sou: [www.health.ny.gov/hudsonriverfish](http://www.health.ny.gov/hudsonriverfish)

### Rekòmandasyon pou Pwason nan Eta New York

[www.health.ny.gov/fish](http://www.health.ny.gov/fish)

(518) 402-7530 oswa 1-800-458-1158

[HRFA@health.ny.gov](mailto:HRFA@health.ny.gov)

Kat pou lapèch, detaye onivo konte a: [www.health.ny.gov/fish/maps.htm](http://www.health.ny.gov/fish/maps.htm)

### Lapèch nan Eta New York

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal

(Department of Environmental Conservation, DEC)

Ale sou [www.dec.ny.gov/outdoor/fishing.html](http://www.dec.ny.gov/outdoor/fishing.html); (518) 402-8920


### Pwason nan Makèt ak Restoran

Ale sou [www.fda.gov/fishadvice](http://www.fda.gov/fishadvice) oswa [www.epa.gov/fishadvice](http://www.epa.gov/fishadvice)

### Retire Grès la pou Redwi PCB yo

Swiv konsèy ki anba a pou redwi PCB yo prèske amwatye.

Retire grès ki sou kote  
yo (pati ki nwa a)



Retire  
grès ki  
nan do ak  
vant lan

Retire po a

- Apre w fin dekoupe l jan yo montre w la, griye, oswa kwit pwason an sou yon griy yon fason pou grès la degoute.
- Pa fri pwason an nan chodyè oswa itilize ji pwason an pou fè bouyon oswa sòs.

Pa manje "bagay vèt" (tomalley) ki nan  
krab yo oswa itilize dlo pou kwit manje a.

